Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 40 (7544)
13 октябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## С Днем Вашего рождения!



«Уважаемый Владимир Владимирович! От имени администрации района и его жителей, депутатского корпуса, Общественной палаты и лично от себя, примите самые сердечные и теплые поздравления с Днем Вашего рождения.

Сегодня Россия — авторитетный член мирового сообщества, гордое и сильное государство, являющееся примером единства и стабильности общества, прочных демократических завоеваний и интенсивно развивающейся экономики.

Именно с Вами связано возрождение и единение нашей общей великой Родины, усиление позиций на международной арене, укрепление и безопасность границ Российской Федерации, отстаивание государственных интересов в геополитическом пространстве.

Вы многое сделали для нашей страны! Благодаря Вам укрепились и расширились международные связи, воплотились в жизнь многие инвестиционные проекты, приняты важные политические решения.

В этот знаменательный день искренне желаю Вам, доброго здоровья, счастья и благополучия! Пусть удача и успех непременно сопутствуют Вам во всех Ваших созидательных начинаниях во имя России и во благо граждан нашей страны! Пусть жизненный оптимизм и хорошее настроение никогда не покидают Вас, а каждый день дарит Вам мир, гармонию и счастье!

**Глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

Актив: Мобилизация

## Эбел – ВатIаналъ ахIулел руго!



11 октябралда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц – залалда букIана районалъул актив. Гьенир гIахьаллъана росабазул бутIрул, учреждениял организациязул нухмалъулел, районалъул депутатал ва росабазул жамагIатчагIи.

Активалда аслияб суаллъун букIана «Украиналда рагъулал ишал унел рукIиналъ Россиялъул Президент В.В. Путиница лъазабураб частичнияб мобилизациялъул». Данделъи рагьулаго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна «Лъидаго лъалареб жо гуро гьабсагIаталда Украиналда унеб бугеб дунялалда бугеб щинаб квешлъиялде, къадарлъиялде, ай фашизмалде данде гьабулеб рагъ. Гьеб доба байбихьараб бакIалда хутIи, нилъехъе Россиялде, Дагъистаналде бачIунгутIи буго нилъер мурад. Гьелъие гIоло, ай ВатIаналда бугеб захIматаб хIалалъ нухмалъи тIамулеб буго частичнияб мобилизация гьабизе. ВатIаналъ ахIулел руго жидеца армиялда хъулухъ гьабурал, гьанжесел ярагъги лъалел гIадамал кумекалъе. Нилъ унел руго нилъерго ВатIан цIунизе. Гьедин гьабичIони, улкаялъул – щивасул ихтияр щола тущманасухъе. Кинаб букIине бугеб хадусеб гIумрояли ургъизе кколеб хIал буго гьабсагIаталда. Нилъер рахъалдасан унеб буго сатанизмалде, квешабщиналде данде рагъ.

Нилъер буго динияб, рухIияб рацIцIалъи бокьулеб район. Западалъ тIиритIизарулел гIумру гьабиялъул къагIидаби кинго нилъее данде кколаро. Гьединлъидал жакъа ВатIан цIуни аслияб суаллъун хутIула.

КIочон батиляро 1999 сон. Болъихъе вагьабистал рачIарал мехалъ, гьезда данде рахъине жидеего бокьун къокъаги гIунцIун ана нилъер гIолохъаби. Дунги вукIана гьенив. Дагъистаналъ ракI – ракIалъ дандечIей лъазабуна вагьабал – бандитазда ва нилъеда гьел нахъчIвазе кIвана.

Гьанже рагъ батIияб хасияталъул бачIун буго. Кинго Россия рагъулъе цIачIого западалъ толеб гьечIо. Байбихьудаго гьезул берзукье ккана Дагъистан. ГьабсагIаталда абуни тIолабго Россияги Дагъистанги буго хIинкъиялда гъоркь. Нилъер гьаниб мобилизация абуни унеб буго кутакалда хIинцго. Къокъаб заманалда гьаб хIал хисизабичIого нилъее рес гьечIо. ХIисабалде росизе ккола байбихьуда мобилизациялъул хIалтIулъ ккарал гъалатIал, хIалтIи гIуцIизе ккола хIасил кьоледухъ. Хвел – гIелги буго Аллагьасул иш. Нахъе къан чIей рекъараб гьечIо бихьиназда».




Ахир цIале 2 гьум.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 40 (7544)
Хамиз
13 октябрь 2022 сон



Мобилизациялда хурхун районалда бугеб хIалалъул бицун росабазул бутIрузда цеве вахъана районалъул рагъулалъул комиссар М. Гъафуров. БакIазда бугеб хIалалъул бицана росабазул бутIрузги. Жиндирго кIалъаялда ГI. НурмухIамадовас росабазул бутIрул ахIана рагъулал ишазе гьабулеб призывалъул суалазде кIвар кьун балагьизе, бихьизабуна мекъа хIалтIи гьабуни, гьелда хурхун цIикIарал захIмалъаби ккезе ругилан. ДандчIваялъул ахиралда бетIерас суал борхана жалго росабазул бутIрул ва рагъулав комиссар рагъулал хъулухъазде рахъинарунги гьеб иш бичча – бихъан тезе гьечIин, гьединаб къагIидаялде хIажалъи ккани,- абун. Жиндирго иргаялда дандчIваялда гIахьаллъараз киназго цогояб гьаркьидалъун лъазабуна цо минуталъ нахъ бахъинчIого къо ккани ВатIан цIунизе цолъун рахъине ругин.

# Эбел – ВатIаналъ ахIулел руго!

КIалъазе вахъана районалъул комиссарасул ишал тIуралев М. Гъапуров: «Кутакалда загIипго унеб буго районалда мобилизациялъул иш», - ян тIад чIей гьабуна гьесги. ВатIан цIуни щивасул налъи ккола. Гьеб битIун бичIизе ккола гIолеб гIелалда. Байбихьуда рагъулал ишазде ахIулаан 35 сонил гIумруялъул гIадамал, гьанже бихьизабулеб буго гьеб 45 сониде щвезегIан букIин. 450 призывалъул гIумруялда ругезул нижехъе рачIун руго гIицIго 210 чи. РитIулезул къадар бахинабизе ккола гьелъул бащадалдегIаги.

Къадарго буго гIолилазда гьоркьоб гьабулеб бичIи кьеялъул хIалтIи. Дагьаб цебегIанги лъидаго ракIалде кколеб букIинчIо рагъалъ гьадинаб свери босилин. Амма квешаб рахъалде иш сверизе рес буго гьадинаб мобилизация бугони. ХIажат буго росабазул бутIруз хехаб ва тIадчIараб хIалтIи гьабизе мобилизациялда хурхун.

Данделъиялда кIалъана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов. «Хириялгьудулзаби! Нилъер ватIаналде фашистал рачIинчIого рукIине, нилъ къвакIизе ккола жакъа. ВатIаналъ ахIулел руго нилъ жибго цIунизе. Гьединлъидал васас эбел рехун толарей гIадин, ВатIанги рехун тезе бегьуларо нилъеца» - ян бихьизабуна гьес.

Данделъиялъул ахиралда къокъаб анализ гьабуна нахъеги ГI. НурмухIамадовас. «ГIадада ВатIаналъ ахIи баларо. Гьеб хIажатаблъун ккун буго гьабсагIаталда нилъер кумекалде. Росабазул бутIруз хехаб, гIуцIи бугеб хIалтIи гьабизе ккола мобилизация пайда кьоледухъ иналъе. Рагъулал ишазде аразе ва хъизаназе кумек гьабулеб буго пачалихъалъ. Доба щолеб харжалде тIаде кьолеб буго 100 000 гьур. Гьезул хъизаназе гьабулеб буго кумек, лъимал росула ясли – ахазде, хадурккунги рукIине руго кумекал.

ГIумру буго Аллагьас кьолеб, Гьес нахъеги босулеблъун. Бихьиназул букIине къваригIун буго бихьинаб пикру цойиде ккей, гьеда тIадаб налъи кибего унаро. БихьинчIияс цIунизе ккола ВатIан!

Амма кинго гIей гьабуларо гьабсагIаталда росабазул нухмалъулез гьабулеб хIалтIуца. ТIубараб саботаж биччалеб буго гьез хIалтIулъ, ай ургъунго гьабулеб гьечIо мобилизациялъул хIалтIи,гьезулгун хасаб гара-чIвари букIинеги буго хадубккун»,- ян бихьизабуна бетIерас.

# ВатIан цIуни – щивасул иш

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь гIатIидаб данделъи букIана 7 октябралда райадминистрациялда. Гьенир гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул пред. М. Юсупов, районалъул бетIерасул замал, къуваталъулал органазул вакил, РДялъул бетIерасул ва Правительствоялъул вакилзаби, рагъулаб комиссариаталъул комиссарасул ишал тIуралев М. Гъапуров, Унсоколо ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, чIахIиязул советалъул пред М. МухIамадгIалиев ва цогидалги.

Аслияб суаллъун заседаниялда букIана РФялъул Президентасул Указалда рекъон частичнияб къагIидаялъ рагъулаб хъулухъалде мобилизация гьабиялъул, гьединго гьеб Указ тIубазабулаго цIунизе кколел рагъулалгун Россиялъул законодательствоялъул рахъазул. Гьелъул бицана Унсоколо районалъул прокурорасул ишал тIуралев Ш. МухIамадовас.

Заседаниялда гьеб суалалда хурхараб хIалтIун бицун кIалъана общественнияб хIинкьи гьечIолъиялъул рахъалъ бетIерасул зам М. ХIамзатов. Информациялъул рахъалъ пресс хъулухъалъул нухмалъулев ГI. Мусаев, лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ специалист П. МухIамадова ва цогидалги.

# Школалъе – КъадихIажи МухIамадовасул цIар



Гьал къоязда, ай Учителасул къоялда Шамильхъалаялъул школалда букIана цIар рагIарав общественниявгун политикаяв хIаракатчи, РДялъул мустахIикъав учитель МухIамадов КъадихIажи МухIамадовичасул цIар кьеялде ва мемориалияб доска рагьиялде буссараб рохалилаб тадбир. Къ. МухIамадов ракIалде щвезавизе гьенире рачIана Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул заместителал, администрациялъул аппарат, РДялъул БетIерасул администрациялъул ва Правительствоялъул вакилзаби, депутатал, диниял гIадамал, росабазул бутIрул, лъай кьеялъул организациязул нухмалъулел.

Жидерго кIалъаязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ва цогидалги гIахьалчагIаз ракIалде щвезаруна Къ-ХI. МухIамадовасул махщалилал качестваби, гьесул гьабулеб ишалъе ракI – ракIалъ живго кьезе бажари. Тадбиралъул программаялда букIана цIалдохъабазул, педагогазул церерахъинал. Мисалиязе кьуна шапакъатал. Ахиралда мемориалияб плитаялда цере лъуна тIугьдул.

# КЪ-ХI. МухIамадовасул гIумроялдаса баян



КъадихIажи МухIамадовас тIолабго жиндирго захIматалъулаб гIумро сайгъат гьабуна педагоглъиялъулаб ишалъе. ХIалтIул саназда гьес живго вихьизавуна тIадал ишаздехун творчествалъулаб къагIидаялъ валагьулев хIаракатчилъун. ЛъикIго лъалаан гIолеб гIелалъул лъайгун тарбия кьеялъул къагIидаби, вукIана махщел бугев гIуцIарухъанлъун.

Къ. МухIамадовасул кIудияб къадру – кьимат букIана цадахъ хIалтIулезда ва цIалдохъабазда гьоркьоб. 1984 – 1986 саназда гьес нухмалъи гьабуна районалъул комсомол организациялъул отделалъе, гьенив живго вихьизабуна бажари бугев гIуцIарухъанлъун. ГIемераб хIалтIи гьабуна жиндаго хадур гIолилал цIаялъе. 1986 соналда гьес нухмалъи гьабуна «Пионеразул рукъалъе». Гьенив хIалтIулагоги гьеб организациялъул хIалтIи бахинабуна цIияб борхалъиялде.

1995 соналда Къ. МухIамадов тIамуна Шамильхъалаялъул цIалулгун тарбия кьеялъул комплексалде нухмалъулевлъун. ХIалтIул тIоцересел къоязго гьес гъваридаб анализ гьабуна организациялда бугеб хIалалъул, лъазаруна хадубккун хIалтIи бачиналъе ва цебетIезабиялъе нухал. Гьесул нухмалъиялда гьоркь ШУВК «Школа России 1996г.» конкурсалда лауреатлъун бахъана, живго гьесие кьуна «Директор года» абураб цIар.

Къ. МухIамадов вукIана ШУВКялъул хадубккунисеб иновационниял процессазул хIаракатчилъун. Гьединлъидал гьелъул экспериментaлияб площадкаялда рижана цIилъаби ва 5 соналда жаниб гьел бергьенлъиялда гIумроялде рахъинаруна.

Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул бутIаялда рихьизарурал тIадегIанал хIасилазе гIоло КъадихIажи МухIамадовасе кьуна халкъазда гьокьосеб Академиялъул меседил медаль.

1999 соналда Къ. МухIамадовасул гIумро балагьаб куцалда гьоркьоб къотIана, амма гIицIго гIагаразул гуребги тIолалго гьев лъалезул ракIазулъ хутIана гьайбатав инсан, лъикIав нухмалъулев хIисабалда.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 40 (75443)
Хамиз
13 октябрь 2022 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



# Внимание!

**Работает телефон «горячей линии» по Унцукульскому району по вопросам частичной мобилизации:**
**8 989 882 04 52**

## В Унцукульском районе создан Центр поддержки граждан, призванных из запаса по частичной мобилизации, объявленной указом Президента РФ от 21 сентября, и членов их семей

Центр создан в целях проведения разъяснительной работы среди населения, информирования мобилизованных и членов их семей о полагаемых мерах поддержки, обеспечения полноты их получения.

По всем возникающим вопросам о частичной мобилизации жители района могут обратиться в данный центр, либо по номеру **«горячей линии» - 8 989 882 04 52.**

Кроме того, по поручению главы района Исы Нурмагомедова, с членами семей мобилизованных граждан ответственные лица центра остаются на связи круглосуточно.

Проводится обход семей мобилизованных граждан, убывших из района после объявления частичной мобилизации.

Наряду с федеральными и региональными мерами поддержки, дополнительно оказываются меры поддержки и на муниципальном уровне. Особое внимание уделяется семьям с несовершеннолетними детьми.

В образовательных учреждениях муниципалитета для несовершеннолетних детей мобилизованных граждан в случае необходимости будет обеспечено психологическое сопровождение на постоянном уровне.Данная категория семей остается под особым наблюдением.

При возникновении проблем по любым вопросам социального, материального, психологического и медицинского направления, по заявлениям членов семей мобилизованных граждан, и по мере выявления проблем в этих семьях ответственными лицами, они будут решаться вне очереди.

Деятельность Центра на особом контроле главы Унцукульского района Исы Нурмагомедова

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН

## Унцукульский район
## Собрание депутатов муниципального района

**368950 Республика Дагестан Унцукульский район, п. Шамилькала, ул.М. Дахадаева 3, т. 55-62-87 Email: uncuk_sobranie**

## РЕШЕНИЕ

**О передаче муниципального имущества муниципального образования «Унцукульскийрайон» в республиканскую собственность РД**

**Принято Собранием депутатов** **14 сентября 2022 года №29**

В соответствии с Федеральным законом РФ от 06.10.2003г. №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации, статьи 47 Устава муниципального образования «Унцукульский район», в целях строительства дошкольной образовательнойорганизации в поселке городского типа Шамилькала Унцукульского района, Собрание депутатов муниципального района.

## РЕШАЕТ:

**1.Передать в республиканскую собственность Республики Дагестан:**
- здание с кадастровым номером 05:35:000001:2068 общей площадью 1872 кв. м, являющеееся собственностьюмуниципального образования «Унцукульский район»в соответствии с государственной регистрацией права (№ 05-05/002-05/335/001/2016-450/1 от 01 августа 2016 г.);
- земельный участок с кадастровым номером 05:35:000001:2593 общей площадью 14 692 кв.м, являющийся собственностью муниципального образования «Унцукульскийрайон»в соответствии с государственной регистрацией права (№ 05:35:000001:2593-05/095/2022-1 от 7 июля 2022 г.).

**2.Администрации муниципального района:**
- подготовить необходимые документы на передачу вышеуказанного имущества в собственность Республики Дагестан;
- осуществить безвозмездную передачу объектов в собственность Республики Дагестанпо акту приема – передачи;
- внести соответствующие изменения в реестре муниципального имущества муниципального образования «Унцукульский район».

**3.Настоящее Решение вступает в силу со дня принятия.**

**Председатель Собрания** **____________М.Б.Юсупов**

**Глава муниципального района** **____________И.М.Нурмагомедов**

## РЕШЕНИЕ

**о внесении изменений и дополнений в Устав муниципального образования «Унцукульский район» РД**

**Принято Собранием депутатов** **14 сентября 2022 года №30**

С целью приведения Устава муниципального образования «Унцукулький район» в соответствии с Федеральным законом от 06.10.2003 №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (**в редакции Федерального закона от 19.11.2021 № 376-ФЗ, 30.12.2021 № 492-ФЗ**, и законами Республики Дагестан, Собрание депутатов муниципального района «Унцукульский район»

## РЕШАЕТ:

I.Внести следующие изменения и дополнения вУстав муниципального образования «Унцукулький район»:

1. **В пункт 35 части 1 статьи 6 слова** «, проведение открытого аукциона на право заключить договор о создании искусственного земельного участка» исключить;
2. **Часть 4 статьи 29 изложить в следующей редакции:**
«Глава муниципального района не может быть депутатом Государственной Думы Федерального Собрания Российской Федерации, **сенатором** Российской Федерации, депутатом Народного Собрания Республики Дагестан, занимать иные государственные должности Российской Федерации, государственные должности Республики Дагестан, а также должности государственной гражданской службы и должности муниципальной службы, **если иное не предусмотрено федеральными законами**.»;
3. **Абзац 4 статьи 51 дополнить предложением следующего содержания:**
**«Проведение проверки соответствия кандидатов на замещение должности руководителя финансового органа муниципального района квалификационным требованиям осуществляется с участием финансового органа Республики Дагестан. Порядок участия финансового органа Республики Дагестан в проведении указанной проверки устанавливается законом Республики Дагестан.».**

**Председатель Собрания** **___________М.Б.Юсупов**

**Глава муниципального района-** **________И.М.Нурмагомедов**

# «Цолъиялъулъ буго нилъер къуват»

(РФялъул Президент В. В. Путинил курс кквеялъе)

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъ гIуцIун букIана МахIачхъалаялда «Цолъиялъулъ буго нилъер къуват» - абураб РФялъул Президент В.В. Путинил курс кквеялъе унеб Акция - Концерталда гIахьаллъизе сапар гьаби. Гьеб унеб букIана араб Рузман Къоялъ 7 октябралда, тахшагьаралъул централияб майданалда.

кквеялъе. Гьенир гIахьаллъана жамагIатал, власталъул органал, гIолилазул ва жалго рекъон рачIарал организациял, культураялъул ва гIелмуялъул машгъурал гIадамал.

Программаялда рукIана республикаялъул машгъурал артистазул ва музыкалиял коллективазул церерахъинал.

Дагъистаналъ баркана В.В.



Живго ГI. НурмухIамадов гьениве щвана Акциялда гIахьаллъизе радалго.

Тадбир тIобитIана РФялъул Президент В.В. Путинил курс ва Россиялъул цIиял субъектал нилъер составалде гьорлъе рачиналъул ишалъул рахъ Путинида гьавураб къоги.

ГI.НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь Россиялъул суббъектал гъорлъе рачIиналдаса рази руго Унсоколо районалъул гIадамал. Гьеб къоялъ нилъер акциялда гIахьаллъана 30 чи.

Пайдаял малъа-хъваял

## *Расуе хъулухъ кин гьабилеб?*

Ихдалги хасалихъеги гIемерисезул ботIродаса рас хIулизе байбихьула. Рас щула гьабиялъе руго гIемерел лъикIал къагIидаби:

- ХIадуризе ккола гьадинаб бальзам: чашкаялде жанибе тIезе ккола оливкаялъул нахул щуго гьуд, дагьаб хинлъизабила гьеб ва бащдаб лимоналъул сок къанцIвила тIаде. Гьединаб бальзам моцIида жаниб 3-4 нухалъ лъулъазе ккола ботIрол тIомалда (рас чуризе бегьуларо), хинаб кIазги къан къасе тела, радал чурила шампунги бахун.

-ТIеренал расазе пайдаяб буго гьадинаб бальзам: цIияб капустаялъул сокги бахъун, лимоналъул ва шпинаталъул соказул бащадал бутIабигун жубазабила ва анкьида жаниб цо нухалъ ботIрода бахина. Беразда бихьуледухъ цIилъула рас;

-Нахул цIурал расазе данде ккола гьадинаб бальзам: цIияб капустаялъул ва цIияб охцералъул сок жубазабила ва чурилалде кIиго сагIаталъ цебе бахун тела. Гьединго бахине бегьула ламадуралъул сок лимоналъул сокгун жубазабураб лъамалъи.

-Рас хIулулеб бугони ва хIабатI бугони, порол хъалалъул 25 грамм, гвоздикаялъул щуго гороххараб жо ва 200 грамм спирталъул гьабураб ласьон анкьалъ бецIаб бакIалда лъун тела. Хадуб анкьида жаниб цо-кIиго нухалъ ботIрода бахина.

## МухIамадгIали Бадиевич ГIабдулаев



Гьаб соналъул 29 сентябралда 55 сонил гIумруялда нилъедаса ватIалъана берцинаб гIамал – хасияталъул инсан ГIабдулаев МухIамадгIали Бадиевич.

Мухъилав мугIалим, искусствоялъул школаялъул директор, районалъул культуроялъул отделалъул начальникасул заместитель, гьединаб букIана гьесул хъулухъалъулаб нух.

ГIабдулаев МухIамадгIали гьавуна 1967 соналда. Гьес лъугIизабуна Унсоколо №2 гьоркьохъеб школа ва гьебго соналъ цIализе лъугьана Дагъистаналъул Пачалихъияб педагогикияб институталъул музыкалияб факультеталде. 1990 соналда институталда тIадегIанаб лъайги босун, хIалтIизе байбихьана Унсоколо №2 гьоркьохъеб школалда музыкаялъул мугIалимлъун.

1991 – 2016 соназда М-дгIали ГIабдулаевас нухмалъи гьабуна районалъул искусствоялъул школалъе. Гьел соназ цо нухалъ гуро гьеб школалъул гIисинал гьунарчагIаз республикаялъул ва тIолабго Россиялъул даражаялда тIоритIарал конкурсазда, фестивалазда тIадегIанал призалъулал бакIал росарал.

2016 соналдаса гIумруялъул ахирисел къоязде щвезегIан М-дгIали ГIабдулаев хIалтIулев вукIана районалъул культураялъул начальникасул заместительлъун.

Кив хIалтIаниги МухIамадгIалица живго вихьизавуна ракI бацIадав, гьарулел ишазулъ гIадамазде рокьи бугев, жавабчилъи цIикIарав инсанлъун.

МухIамадгIали Бадиевич даималъ хутIила гьев лъалев вукIаразул, гьевгун цадахъ хIалтIаразул ракIазулъ. Гьев гьелъие мустахIикъавги вукIана. Алжан насиб гьебеги гьесие БетIергьанас.

ГIабдулаев МухIамадгIали хвеялда бан районалъул культураялъул отделалъул тIолабго коллективалъ гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго гьесул вац МухIамадида, тIолабго гIагарлъиялда. Нахъе ругезе сабруги халатаб парахатаб гIумруги кьеги!

**Унсоколо районалъул маданияталъул отдел.**

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 12.10.2022 г. 16.50
фактически -16. 35 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.